



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 4/29/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON AVOKA GOUVÈNÈ A ALPHONSO DAVID AK BART M. SCHWARTZ

Deklarasyon ki soti bò kote Avoka Gouvènè a Alphonse David:

“Avoka Etazini pou Distri Sid la te gen yon investigasyon ki ankou ki konsantre sou Upstate New York (ki refere souvan tankou ankèt Buffalo Billion ak Nano). Ankèt la pa twò lontan de sa te sòlve kesyon sou lobiyis ki pa apwopriye ak konfli enterè ki pa divilge pa sèten moun sa ki te ka devye anplwaye leta yo ki enplike nan pwogram respektif yo e yo te kapab fè fwod sou eta. Nou pran vyolasyon sou konfyans piblik oserye e nou kwè ke yo dwe rezoud kesyon sa yo lè Avoka Etazini an antreprann plis ankèt. Antretan, e kòm pwogram lan ap fonksyone sou yon baz chak jou, Gouvènè a te mande yon revizyon konplè de pwogram nan. Yap egzamine avèk anpil atansyon nenpòt sibvansyon ki te fèt nan pwogram sa – nan tan lontan, kounye a oswa nan lavni. Bart M. Schwartz ap dirije efò sa, yon anketè endepandan ke yo apresye anpil ki te travay avansa kòm Chèf Divizyon Kriminèl pou Biwo Avoka Etazini pou Distri Sid New York. Nou te enfòmè biwo Avoka Etazini an sou efò nou yo.

“Asire entegrite nan pwosesis kontra pou pwogram sa enpòtan, kidonk pwogram Buffalo Billion ak Nano ka kontinye kreye nouvo djòb ak revitalize ekonomi Upstate.”

Deklarasyon ki soti bò kote Bart M. Schwartz:

“Eta New York atribye finansman enpòtan ak apwobasyon reglemantasyon a konpayi sektè prive yo.

“Eta gen rezon pou l kwè ke nan sèten pwogram ak apwobasyon reglemantasyon te ka gen fwod nan dapèl dòf ki pa apwopriye avèk neglijan pou divilge posib konfli enterè lobiyis ansanm avèk ansyen anplwaye eta. Avoka Etazini an gen yon ankèt ankou ki te revele enfòmasyon enpòtan sou kesyon sa.

“Kòm eta bezwen kontinye fonksyone pwogram enpòtan sa yo, yo te mande m pou m kòmanse yon revizyon an touswit sou tout sibvansyon ak apwobasyon yo – pase, aktyèl ak pwochen –nan sèten pwogram ak operasyon enkli Pwogram Buffalo Billion/Devlopman Ekonomik Nano.

“Mwen pral fè revizyon mwen an touswit epi rapòte nenpòt enfòmasyon ke mwen jwenn

bay Avoka Etazini an ansanm avèk administrasyon an. Administrasyon an te eksplike m klèman ke yo pa gen tolerans pou okenn vyolasyon nan konfyans piblik ki soti bò kote nenpòt aktè oswa antite e mwen ta dwe swiv fè yo.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418